



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO BOARDWALK CAFÉ NAN PAK ETA JONES BEACH

*Retou Restoran Popilè sa a Revitalize Kwen Mouvmante sa a Ki Te Vid Depi 2004*

*Yo Pwomèt 65 Milyon Dola Jiska 2020 Pou Renovasyon Pak Eta Ki Pi Vizite sou  
Long Island*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Boardwalk Café sou Jones Beach lan ki koute 20 milyon dola a ouvri pou fonksyone, li retounen ak yon opsyon restoran popilè ak remete vitalite nan Central Mall nan kè Pak Eta Jones Beach lan. Revitalizasyon pak eta ki plis vizite nan Long Island lan antre nan kad angajman 900 milyon dola sou plizyè ane Gouvènè Cuomo yo rele [NY Parks 2020](#) ki rasanble fon prive ak piblik pou modènize Pak Eta yo (State Parks).

“Gran ouvèti Boardwalk Café ap souliye pwogrè New York nan restorasyon vitalite istorik nan Pak Eta Jones Beach lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje tout moun vini vizite Jones Beach ete sa a e dekouvri pou pwòp tèt pa yo transfòmasyon ki fèt nan youn nan pi bèl mèyèy natirèl nan Long Island.”

Nouvo restoran ki mezire 7,700 pye kare, ki ofri yon konsèp ouvri ak ayere nan tip Market Hall ak twati espesyal ki gen traksyon, ap pote tounen manje ak bwason nan Central Mall ki te absan depi 2004, lè yo te fini demoli ansyen konstriksyon akòz pwoblèm estrikti. Kafè a pral jere pa Centerplate, ki se yon konsesyonè ki ap ofri sèvis ospitalite yo nan pak lan. Pral gen yon eleman Taste NY Pran pou Ale nan Cafe (Grab and Go) an ak plis pase 20 atik ki pwodwi nan New York.

Boardwalk Café a pral:

- Resevwa aktivite ki fèk enstale tankou Zòn Jwet Lès (East Games Area) ki renove ak nouvo patojwa ki tou pre Central Mall la ak kous avanti yo pral konstwi nan ete a;
- Li ofri opsyon pou chita deyò anba lonbraj, pandan li kòmande vi sou lanmè a, plaj la, ak pwomnad la;
- Reziste a gwo tanpèt sou kot la ak inondasyon gras ak yon konsepsyon solidifye ki konstwi sou pil pou elve etaj prensipal la a 20 pye pi wo nivo lanmè a; epi

- Onore eritaj pak la ak brik, grè, pyè kalkè pou koresponn a materyèl yo te itilize nan konstriksyon istorik nan 1920/30 yo nan peryòd pak la, yon gwo foto istorik Pak lan anndan, ak simetri yo restore ak Central Mall.

**Komisè Park Eta yo, Rose Harvey te di,** “Boardwalk Café se pral kote pou rilaks ak swiv tout aksyon olon pwomnad ak plaj la. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Cuomo nan revitalizasyon espas piblik yo nan Jones Beach ak ofri pi bon opòtinite pou divètisman ak aktivite touris bay rezian ak vizitè atravè tout New York”.

**Senatè John Brooks te di,** “Envesti nan Pak Eta Jones Beach lan se yon fason bon sans pou ede ekonomi lokal la ak revitalize tout kominote nou an. Mwen aplodi Gouvènè a pou efò li epi mwen enpasyan pou m vizite Central Mall ak jwi de Boardwalk Café a ki renove. Mwen encourage moun Long Island, ak tout moun New York, pou yo vini nan Pak Eta Jones Beach nan ete sa a pou yo jwi tout gwo aktivite, restoran, ak bote natirèl kominote sa gen pou li ofri”.

**David G. McDonough, ki se Manm Asanble, te deklare,** “Mwen kontan paske Gouvènè Cuomo te pran angajman pou restore ak revitalize Pak Eta Jones Beach lan epi adisyon nouvo Boardwalk Café sou Jones Beach lan pral ajoute sou espas divètisman istorik sa a nan Long Island, pou rann Bijou Kouwòn Long Island, Pak Eta Jones Beach, briye pi fò toujou”.

**Sipèvizè Komin Hempstead lan Laura Gillen te deklare,** “Boardwalk Café a se yon pati enpòtan nan istwa zòn nou an ki onore pase kominote nou an gras ak bèl konsepsyon Art-deco li yo, pandan li adapte a bezwen prezan ak fiti nou. Nou gen rekonesans anvè Gouvènè Cuomo paske li rann konstriksyon apresye sa a pi rezistan pou li reziste ak pwochen tanpèt epi yo ouvri li alè pou wikenn mouvman 4 jiyè a”.

**Christine Pellegrino, ki se Manm Asanble, te deklare,** “Jones Beach se Bijou Kouwòn nan kot sid nan Long Island. Kèlkeswa sezon an, moun lokal ak touris vini sou Jones Beach pou pwomnad la, vi sou lanmè a, konsè, ak evènman espòtif. Restorasyon Boardwalk Café se yon adisyon apresye epi mwen rekonesan anvè gouvènè a pou envestisman nan pwojè enpòtan sa a”.

**Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare,** “Nouvo Boardwalk Café a se yon bèl pa nan direksyon pou devlope vizyon a kisa Konte Nassau ta dwe sanble nan fiti a”.

Depi 2011, Pak Eta a angaje 65 milyon dola jiska 2020 nan pwojè pou restore grandè istorik Pak Eta Jones Beach, atire nouvo vizitè ak kreye nouvo etablisman pou divètisman nan kad plan revitalizasyon ki ale sou plizyè ane. Pwojè yo reyalize enkli reyabilitasyon West Bathhouse ak Field 6 Bathhouse, restorasyon mozayik istorik pak yo, nouvo lakou rekreyasyon ak Zòn Jwèt Lwès (West Games Area) ak Zach’s Bay, nouvo siyalizasyon pòtay ak amelyorasyon pwomnad la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)